



Pou Piblikasyon Imedya: 27/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KANPAY #GETTHEVAXFACTS POU KONBAT
MOVE ENFÒMASYON SOU VAKSEN COVID-19 LA**

*Efò a ap chèche demistifye move enfòmasyon ak edike Nouyòkè yo sou
Fason pou fè chwa ki pi an sante konsènan enfòmasyon nou ap konsome, pataje
ak aji sou yo*

*Li founi resous pou anbasadè vaksen yo ak piblik la pou ede konbat move
enfòmasyon nan kominote ak nan rezo pa yo*

Nouvo pwogram nan gen ladan yon [mikwosit dedye](#) ak [bwat Zouti ki telechajab](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon nouvo pwogram—#GetTheVaxFacts—pou konbat move enfòmasyon sou vaksen COVID-19 la sou entènèt. Kanpay la gen ladan yon [sit entènèt dedye](#) ansanm ak yon bwat zouti ki telechajab pou adrese sijè ki pi ijan sou move enfòmasyon otou vaksen COVID-19 la nan yon fason apwofondi e ki fasil pou konprann. Nouvo resous yo kouvri move enfòmasyon ki gen rapò ak gwosès ak enfètinite, efè segondè, sekirite ak vitès, antanm ak teyori konplo gouvènman an ki kontinye ap sikile sou rezo sosyal ak sou fowòm dijital yo.

"Ak plis pase 86 pousan adil New York ki te resevwa omwen yon dòz, nou deja fè anpil pwogrè nan fè moun yo pran vaksen an - men gen plis travay toujou pou nou fè", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Move enfòmasyon an nosif epi li danjere, espesyalman pou Nouyòkè yo ki rete ezite pou pran vaksen an, epi n ap goumen kont li sou tout aspè pou asire moun yo konnen istwa reyèl sou vaksen yo: ke yo san danje, efikas, ak gratis. Mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo jwe yon wòl yon fason aktif nan ede kominote yo konnen reyalyte sou vaksen yo—pou tout moun ka pran yon desizyon enfòme pou pwoteje tèt yo kont viris danjere sa a."

Anplis nouvo sitwèb ak bibliyotèk resous la, ke yo pral òganize pa sijè pou itilizasyon Nouyòkè yo, Eta a pral lanse tou piblisite dijital pou ede rive jwenn popilasyon k ap kontinye chèche enfòmasyon egzat sou vaksen an.

Nouvo zouti yo, ki gen ladann gid diskisyon, kesyon ak repons yo poze souvan, ansanm ak lejand ak grafik sou rezo sosyal yo, pral ede Nouyòkè yo jwenn yon nouvo kote pou jwenn ak pataje enfòmasyon ke yo ka fè konfyans epi ki kredib. Nouvo sit la ak kanpay la pral gen ladan tou edikasyon pou ede Nouyòkè yo aprann kijan pou yo wè kontni ki

pa diy pou fè konfyans ki soti nan men move aktè yo ak konsèy pou konsidere anvan yo re-pataj afichaj sansasyonèl epi ki pa kòrèk yo. Depatman Sante (Department of Health, DOH) pral fè patenarya ak òganizasyon kominotè yo pou bay materyèl nan plizyè lang.

4 Mezi Ou Ka Pran pou Konbat Pwopagasyon Move Enfòmasyon:

1. **Verifye anvan ou pataje.** Anvan w pataje yon bagay sou rezo sosyal yo, tcheke si sous orijinal enfòmasyon an diy pou fè konfyans. Si w pa sèten, li ka pa an sekirite pou pataje.
2. **Pran prekosyon konsènan tit ak imaj sansasyonèl yo.** Move enfòmasyon souvan vini ak tèks ak imaj ki sansasyonèl oswa ki chokan ki fèt pou atire atansyon ou - enfòmasyon egzak yo souvan mwens sansasyonèl.
3. **Chèche istwa konplè a.** Move enfòmasyon souvan "chwazi" oswa retire yon ti moso nan yon istwa nan objektif pou twonpe ou oswa alame ou. Fè yon efò pou jwenn istwa ak kontèks konplè ki dèyè yon pati nan yon kontni. Ou ka fè sa lè ou tcheke pou wè si sous enfòmasyon ou fè konfyans yo ap kouvri tou enfòmasyon ou pa sèten sou li a.
4. **Anplifye sous ki diy pou fè konfyans nan kominote w la.** Ede pwopaje bon enfòmasyon nan kominote w la lè w pataje enfòmasyon ki egzat ki soti nan sous ki diy pou fè konfyans yo. Move enfòmasyon pwopaje pi vit lè gen yon mank bon enfòmasyon ki baze sou reyalyte.

Chirijyen Jeneral Etazini am, Doktè Vivek Murthy, ki te pibliye yon [Konsiltatif konsènan move enfòmasyon sou sante](#) nan kòmansman ane sa a, te deklare, "Moz enfòmasyon sou sante se yon menas ijan pou sante piblik, sitou lè nou kòmanse fè kontak ak paran timoun yo ki byento ka elijib pou pran vaksen COVID-19 la. Nou tout gen yon wòl pou limite pwopagasyon move enfòmasyon sou sante, epi mwen rekonesan ke Gouvènè Hochul ak eta New York ap travay yon fason pwo-aktif pou konbat move enfòmasyon sou vaksen an. Se kalite aksyon solid sa a ke nou bezwen pou asire nou tout gen enfòmasyon ki egzat, ki baze sou syans pou pwoteje tèt nou ak moun nou renmen yo."

Rajiv Rao, ki se Ofisyè Teknoloji Anchèf ak Chèf Enfòmasyon Adjwen nan Eta New York te deklare, "Move ak dezenfòmasyon ki antoure vaksen COVID-19 la kontinye pwopaje sou entènèt, prezante nan fòm ki difisil pou detekte, yo anplifye rapidman, epi sa ka lakoz konsekans negatif sou sante piblik la. Pwogram #GetTheVaxFacts Gouvènè Hochul la pral ede konbat move enfòmasyon nan nwayo li, nan bay nouvo mwayen ak mesaj pou Nouyòkè yo ka gen aksè ak enfòmasyon ki egzat epi yo ka patisipe nan pataje enfòmasyon yo. Mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo pran tan pou yo pran bon desizyon konsènan enfòmasyon nou wè ak pataje sou rezo sosyal yo."

Doktè Wendy Wilcox, Ofisyè Anchèf Sèvis Sante Fanm pou New York City Health + Hospitals, te deklare, "Kòm yon obstetrisyèn-jinekolog Mwen trè deranje pa move enfòmasyon sou entènèt la konsènan vaksen COVID-19 la, espesyalman otou fètilite ak gwosès. Vaksen an san danje epi li efikas. Mwen egzòte tout fanm ansent pou yo al

vaksine. COVID-19 mete moun ansent yo nan plis risk pou yo gen konplikasyon ki grav, tankou fè yon akouchman prematire oswa antre nan yon inite swen entansif (ICU). Nou raple tout moun tou ke vaksen an pa afekte fètilite. Sa yo se mit ki enpòtan pou konbat ak reyalyte, epi nou mande tout Nouyòkè #GetTheVaxFacts."

Jennifer Jones Austin, PDG ak Direktris Egzekitif FPWA (Federation of Protestant Welfare Agencies), te deklare, "Nou bat bravo pou pwogram #GetTheVaxFacts Gouvènè Hochul la pou demistifye difizyon move enfòmasyon jeneralize nan tout eta nou an. Nou kwè li enpòtan anpil pou Nouyòkè yo gen enfòmasyon egzat ak syantifik pou yo pran bon desizyon pou tèt yo konsènan sante yo, sitou pandan n ap travay nan kominote a epi avèk kominote a pou avanse sante ak byennèt. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou vijilans kontinyèl li sou pwoblèm sa yo epi paske li bay kominote nou yo resous ki nesèsè yo."

Frankie Miranda, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral, Federasyon Latino-Ameriken (Hispanic Federation)an, te deklare, "Kanpay #GetTheVaxFacts la vini nan yon moman kote anpil kesyon ap parèt konsènan laj ki fèk elijib ak dòz siplemantè yo. Vaksen an se pi bon zouti nou genyen nan batay nou kont COVID-19 epi li enpòtan pou tout Nouyòkè yo jwenn enfòmasyon konpetan sou plan lengwistik, ki vrè, fyab konsènan zouti ki kapab sove lavi sa a. Nou bat bravo pou lidèchip Gouvènè Hochul nan kreye ak lanse kanpay #GetTheVaxFacts la pou asire Nouyòkè yo kapab fè chwa ki pi ansante e ki pi enfòm pou tèt yo ak pou fanmi yo."

Jo-Ann Yoo, ki se Direktè Egzekitif Federasyon Ameriken Dorijin Azyatik la, te deklare, "Gouvènè Hochul ap pran rèn batay kont move enfòmasyon nan Eta New York e nou rekonesan pou sa. Li enpòtan pou manm kominote nou an pwoteje tèt yo kont mal lè yo baze desizyon yo sou reyalyte ak syans ki pwouve, sitou pandan n ap kontinye fòje atravè yon pandemi mondyal. Nou sipòte inisyativ sa a epi nou pa ka tann pou nou pataje resous lengwistik sa yo."

Murad Awawdeh, Direktè Egzekitif Kowalisyon Imigrasyon New York, te deklare, "Nouyòkè yo te pwouve yo fò ak rezistan pandan tout batay nou kont COVID-19 la. Kounye a li lè pou nou asire ke chak Nouyòkè gen aksè ak enfòmasyon ki egzak ke yo ka verifye pou asire sante ak byennèt fanmi yo ak kominote yo alavni. Kanpay sa a pèmèt moun yo jwenn fasilman enfòmasyon reyèl yo bezwen pou demistifye mit epi pwoteje fanmi yo san danje kont move enfòmasyon sou vaksen an. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li franchi etap sa a nan non Eta New York."

Therese Rodriguez, Direktris Egzekitif Jeneral nan Apicha Community Health Center, te deklare, "Move enfòmasyon se yon pandemi poukont li. Youn pandemi ki anpeche moun jwenn aksè ak enfòmasyon reyèl pou yo ka fè chwa pou byennèt yo yon fason efikas. Anpil moun nan kominote nou an ki gen yon konpetans limite nan lang Anglè yo enfluyans pa move enfòmasyon ki pwopaje pa fanmi, zanmi, ak rezo sosyal dijital ki popilè nan peyi natal yo. Resous yo te ba nou yo pou konstwi koneksyon ak kominikasyon dirab nan kominote sa yo enpòtan non sèlman pou fè fas ak move enfòmasyon sou COVID-19 la, men tou pou amelyore sante an jeneral. Nou felisite

Gouvènè Hochul pou bon politik piblik sa a ki pran mezi pou konbat pwopagasyon move enfòmasyon danjere sa a."

Kaushal Challa, Direktris Egzekitif Jeneral nan Charles B. Wang Community Health Center, te deklare, "Nan sa ki gen pou wè ak vaksen an, Nouyòkè yo bezwen aksè ak reyalite reyèl, syantifik pou fè pi bon chwa pou tèt yo ak pou moun yo renmen yo. Pwogram #GetTheVaxFacts ki soti nan Eta a bay resous epi ede lite kont move enfòmasyon ki danjere. Efò sa a pral pèmèt eta sa a kontinye fè pwogrè kont COVID-19."

Pou jwenn plis enfòmasyon sou kanpay #GetTheVaxFacts Eta New York la, Nouyòkè yo ka vizite [nouvo sit entènèt la isit la](#), [paj FAQ dedye a isit la](#), ak [resous ak bwat zouti ki telechajab yo isit la](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)